

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina bab ieu, nu nulis méré kacindekan jeung rékomendasi pikeun bahan dina nyangkem adegan pragmatis kalimah pananya dina materi kabasaaan tingkat SMA/SMK/MA. Dina prosés panalungtikan kapanggih data saperti ieu di handap.

#### 5.1 Kacindekan

- a) Dumasar kana analisis jeung deskripsi data, hasil panalungtikan adegan pragmatis kalimah pananya dina karangan paguneman siswa kelas kelas XII SMA Negeri 1 Sindangkasih kabupaten Ciamis taun ajaran 2010/2011 kanggih 265 kalimah pananya ,anu bisa dirangkum jadi tilu bagéan , nya éta (1) adegan kalimah pananya (2) tahapan kalimah pananya, jeung (3) wujud pragmatis kalimah pananya.
- b) Adegan kalimah pananya mangrupa rupa-rupa kalimah pananya di sawang tina strukturna atawa wawangunan nu ngéntép seureuh. Adegan kalimah pananya diwangun ku kecap, frasa, atawa klausa di tambah ku lentong pananya atawa tanda pananya. Kapanggih aya tujuh pola atawa adegan kalimah pananya, anu ngawengku (1) pola I jumlahna aya 69 (26,4%) kalimah pananya, (2) pola II jumlahna aya 82 (30,9%) kalimah pananya,

(3) kalimah pola III aya 10 (3,8%) kalimah pananya, (4) kalimah pola IV aya 83 (31,3%) kalimah pananya, (5) kalimah pola V aya 21 (7,9%) kalimah pananya

- c) Tahapan pragmatis kalimah pananya mangrupa rupa-rupa kalimah pananya disawang tina undak usuk basa atawa tatakrama basa. Kapanggih aya lima tahapan pragmatis kalimah pananya, nya éta (1) kalimah pananya nu tahapan pragmatis lemes (hormat) jumlahna aya 81 (30%), (2) kalimah pananya nu pragmatis basa sedeng jumlahna aya 10 (3,8%), (3) kalimah pananya nu pragmatis basa panengah jumlahna aya 3 (1,1%), (4) kalimah pananya anu pragmatis basa kasar jumlahna aya 168 (63,4%), (5) kalimah pananya anu pragmatis basa kasar pisan jumlahna aya 3 (1,1%).
- d) Wujud kalimah pananya mangrupa ma'na kontekstual manggihan 11 wujud ma'na pragmatis kalimah pananya, nya éta (1) kaayaan jumlahna aya 85 (32,1%), (2) waktu jumlahna aya 5 (1,9%), (3) paneges atawa panegesan jumlahna aya 41 (15,5%), (4) tempat jumlahna aya 24 (9,1%), (5) rasa jumlahna aya 19 (7,2%), (6) tindakan jumlahna aya 27 (10,2%), (7) sabab jumlahna aya 28 (10,6%), (8) cara jumlahna aya 9 (3,4%), (9) golongan jumlahna aya 3 (1,1%), (10) babandinganana jumlahna aya 7 (2,6%), (11) panilaian jumlahna aya 13 (4,9%).

Tina Pedaran di luhur bisa dicindekeun:

- 1) Dina naskah drama aya 265 kalimah pananya
- 2) Dina naskah drama aya 5 adegan pragmatis kalimah pananya
- 3) Dina naskah drama aya 6 tahapan pragmatis kalimah pananya

4) Dina naskah drama aya 11 wujud pragmatis kalimah pananya

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sawatara rékoméndasi anu perlu di tepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

*Kahiji* keur guru, pangajaran ngagunakeun fungsi kalimah hususna kalimah pananya, aya dina matéri kabasaaan tingkat SMA/SMK/MA, tapi éta pangajaran téh ngan saukur diajarkeun saliwat baé, malah diliwat éta pangajaran, komo deui buku pangajaran teu nyadiakeun panganjaran ngeunaan kalimah pananya. Ku kituna, perlu aya pamekaran panalungtikan anu ngulik bahan ajar kalimah pananya, ambahan jeung legana bahan, padika ngajarkeun, jeung cara ngaévaluasina.

*Kadua* Pikeun siswa, bisa leuwih neuleuman élmu kapragmatikan hususna kalimah pananya. Nu dilarapkeun dina kagiatan sapopoé, pikeun pakakas komunikasi.

*Katilu* pikeun élmu kabasaan, dumasar kana hasil panalungtikan ieu bisa katitén adegan, tahapan, jeung wujud adegan dina naskah drama. Ku kituna, ieu data bisa dijadikeun referensi dina ngamekarkeun deui katatabasaan Sunda hususna kapragmatikan.

*Kaopat* keur panalungtik séjén, ieu panalungtikan kalimah pananya teh sifatna deskriptif –kualitatif. Ku kituna, aya hadéan lamun dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina ngagunakeun jeung nganalisis kalimah pananya.